JESU KRISTU
CHETE ANOPONESA

Uye uchazvara Mwanakomana, ugotumidza zita rake Jesu, nekuti iye uchaponesa vanhu vake pazvivi zvavo. MATEU 1:21

Nekuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa umwe woga, kuti ani nani unotenda kwaari arege kufa, asi ave neupenyu hwusingaperi. JOHANI 3:16

Jesu akati kwaari: Ini ndiri nzira, nechokwadi, neupenyu; hapana unouya kuna Baba, asi nekwandiri. JOHANI 14:6

Uye hakuna ruponeso kune umwezve; nekuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa pakati pevanhu, ratinofanira kuponeswa naro. MABASA 4:12

Nekuti ndakakumikidza kwamuri pakutanga izvo zvandakagamuchirawo, kuti Kristu wakafira zvivi zvedu, zvichienderana nemagwaro; Uye kuti akavigwa, uye kuti akamukazve pazuva retatu, maererano nemagwaro: 1 VAKORINDE 15:3-4

maari matine dzikunuro kubudikidza neropa rake, iko kukanganwirwa kwezvivi, zvichienderana nekuwanda kwenyasha dzake; VAEFESO 1:7

PANE CHOKWADI CHINA CHATINOFANIRA KUNZWISISA ZVOSE:

1. MWARI ANOKUDA ZVAKAWANDA.

ANODA KUTI UVE NEHUPENYU HUSINGAPERI KUDENGA NAYE.
Nekuti Mwari wakada nyika nokudaro, kuti wakapa Mwanakomana wake wakaberekwa umwe woga, kuti ani nani unotenda kwaari arege kufa, asi ave neupenyu hwusingaperi. JOHANI 3:16

ANODA KUTI UVE NEHUPENYU HWAKAWANDA UYE HUNOPFUURA NAYE.
Mbavha haiuyi asi kungozoba nekuuraya nekuparadza; ini ndakauya, kuti vave neupenyu, uye vave nezvinopfachukira. JOHANI 10:10

ZVISINEI NEIZVI, VANHU VAZHINJI HAVASVI NEUPENYU HUNOPFUURA UYE HAWANA CHOKWADI KANA VANE HUPENYU HUSINGAPERI NEKUTI...

2. MUNHU ANE ZVIVI NEZVISIKWA. NDIKO SAKA AKATSAURWA NAMWARI.

VOSE VAKATADZA.
Nekuti vose vakatadza vakasasvika pakubwinya kwaMwari;
VAROMA 3:23
Nokuti kuda mari ndiwo mudzi wezvakaipa zvose... 1 TIMOTI 6:10

MUBAiro WECHIVI RUFU.
Nokuti mubairo wechivi rufu... VAROMA 6:23

BHAIBHERI RINOTAURA MABASA MAVIRI LWERUFU:

- RUFU RWEMUMWIRI

Uye sezvazvakatemerwa vanhu kuti vafe kamwe, uye shure kwaizvozvi kutongwa: VAHEBHERU 9:27

- RUFU RWEPAPAMWEYA KANA KUPARANANA NAMWARI NEkusingaperi muGehena

Asi vanotya, nevasingatendi, nevanyangadzi, nemhondi, nemhombwe, nevaroyi, nevanonamata zvifananidzo, nevose varevi venhema, vachava nemugove wavo mudziva rinopfuta nomoto nesarufa; ndirwo rufu rwechipiri. ZVAKAZARURWA 21:8

KANA MUNHU AKAPARADZANISWA NAMWARI NEMHAKA YECHIVI CHAKE, CHII CHIRI MHINDURO KUCHINETSO ICHI? TINOWANZOFUNGA KUTI MHINDURO DZACHO NDEIDZI: CHITENDERO, MABASA AKANAKA, UYE TSIKA DZAKANAKA.

ASI PANE MHINDURO IMWE CHETE INOBVA KUNA MWARI.

3. JESU KRISTU NDIYE CHETE NZIRA YEKUENDA KUDENGA.

ICHI NDICHO CHIREVO CHAMWARI.
Jesu akati kwaari: Ndini nzira, zvokwadi, novupenyu; hakuna munhu anouya kuna Baba, asi neni. JOHANI 14:6

AKARIPA KURANGWA KWAZVO KWEZVIVI ZEDU.
Nokuti Kristuwo wakatambura kamwe chete nokuda kwezvivi, wakarurama nokuda kwavasakarurama, kuti atiise kuna Mwari, achiurawa panyama, asi achimutswa noMweya: 1 PETRO 3:18
maari matine dzikunuro kubudikidza neropa rake, iko kukanganwirwa kwezvivi, zvichienderana nekuwanda kwenyasha dzake; VAEFESO 1:7

ANE VIMBISO YEHUPENYU HUSINGAPERI.
Unotenda kuMwanakomana une upenyu hwusingaperi; asi usingatendi Mwanakomana, haangaoni upenyu; asi kutsamwa kwaMwari kunogara pamusoro pake. JOHANI 3:36
Nokuti mubairo wechivi rufu; asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu. VAROMA 6:23

4. TINOFANIRA KUTENDA MUNA JESU KRISTU KUTI TIPONESWE.

KUPONESO KWEDU RUNOMBEREKWA NENYASHA DZAMWARI NOKUTENDA MUNA JESU KRISTU.
Nekuti nenyasha makaponeswa nerutendo; uye izvozvo hazvibvi kwamuri, asi chipo chaMwari; hazvibvi pamabasa, kuti kurege kuva nomunhu unozvikudza. VAEFESO 2:8-9

Nekuti ani nani uchadana kuzita raIshe, uchaponeswa. VAROMA 10:13

MUNAMATO WEMUTADZI

NAMATA IZVI NEKUTENDA:
ISHE JESU, NDINOTENDA KWAZVO NEKUNDIDA. NDAREURA KUTI NDIRI MUTADZI UYE NDINOKUMBIRA RUREGERERO. NDINOTENDA NEKUFA KWENYU PAMUCHINJIKWA, KUVIGWA, NOKUMUKUKA KUTI NDIRIPIRE ZVIVI ZVANGU OSE. NDINOVIMBA NEWE SAISHE WANGU NOMUPOnesi WANGU. NDINOGAMUCHIRA CHIPO CHENYU CHEHUPENYU HUSINGAPERI UYE NDINOPA HUPENYU HWANGU KWAMURI. NDIBATSIREI KUTEERERA MIRAIRO YENYU YESE NDOKUFADZA PAMBERI NENYU. AMEN.

KANA UCHIVIMBA NAJESU KRISTU, ZVINOTEVERA ZVAKAITIKA KWAURI:

- ZVINO MUNE UPENYU HUSINGAPERI NAMWARI.

Izvi ndizvo zvinodiwa naiye akandituma, kuti mumwe nomumwe unovona Mwanakomana, unotenda kwaari, ave novupenyu bwusingaperi; ndichamumutsa nezuva rokupedzisira. JOHANI 6:40

- ZVITADZO ZVAKO ZVOSE ZVAKABHADHARWA UYE ZVAKAREGERERWA. (KARE, ZVINO, RAMANGWANA)

Asi munhu uyu, wakati abayira chibayiro chimwe nokuda kwezvivi nokusingaperi, akagara kurudyi rwaMwari; VAHEBHERU 10:12

• URI CHISIKWA CHITSVA PAMWARI. NDIKO KUTANGA KWEHUPENYU HWAKO HUTSV.
Naizvozvo kana munhu ari muna Kristu, wava chisikwa chitsva, zvinhu zvakare zvapfuura; tarirai, zvose zvava zvitsva. 2 VAKORINDE 5:17

• WAKAVA MWANA WAMWARI.
Asi vose vakamugamuchira, wakavapa simba rokuti vave vana vaMwari, kuna avo vanotenda kuzita rake: JOHANE 1:12

MABASA AKANAKA HAASI NZIRA YEKUTI TIPONESWE, ASI UMBONO KANA KUTI MUCHERO WERUPOSISO RWEDU.
Nekuti tiri basa rake, takasikwa muna Kristu Jesu mabasa akanaka, akagara agara agadzirwa naMwari kuti tifambe maari. VAEFESO 2:10

MWARI VAKUKOMBORERE!